

Lwa sou Pwoteksyon Tibebe yo Abandone

Objektif Lwa Eta New York sou Pwoteksyon Tibebe yo Abandone (Abandoned Infant Protection Act) se pou pwoteje tibebe ki fèk fèt yo. Li fè sa lè li pwoteje yon paran ki abandone yon tibebe kont pouwit kriminel — si moun nan kite tibebe a yon kote ki pwoteje — epi lè li pa egzije paran an pou li bay non li. Men kèk detay lwa a:

Si ou abandone tibebe ou avèk entansyon pou pa gen lagad ak responsablite pou tibebe a, ou p ap koupab pou krim Menase Byennèt yon Timoun oswa pou krim abandon yon Timoun, si:

- entansyon ou se pou tibebe a pwoteje kont chòk fizik, epi pou li jwenn swen ki apwopriye; epi
- ou kite tibebe a avèk yon moun ki apwopriye **oswa** ou kite tibebe a nan yon kote konvnan epi ou fè yon moun apwopriye konnen kote timoun nan ye touswit; epi
- tibebe a pa gen plis pase laj 30 (trant) jou.

Lwa sou Pwoteksyon Tibebe yo Abandone pa endike “kote ki apwopriye” oswa “moun ki apwopriye yo.” Pwokirè distri lokal la ap fè detèminasyon sa yo. Men, kote ki gen anplwaye, tankou kazèn ponpye, pòs lapolis ak lopital, konsidere anjeneral kòm kote ki gen sekirite pou kite yon tibebe ki pa gen plis pase laj 30 jou.

Lwa Eta New York egzije jounalis ki gen otorizasyon pou rapòte abandon yon tibebe nan Rejis Santral Eta New York pou Abi ak Move Tretman sou Timoun (liy telefòn pou rapòte abi sou timoun). Men, dapre Lwa sou Pwoteksyon Tibebe yo Abandone, si ou kite tibebe ou, **ou pa gen obligasyon pou bay non ou.**

ocfs.ny.gov/main/safe



Office of Children
and Family Services

“...ap ankouraje sekirite, pèmanans ak byennèt timoun nou yo, fanmi nou yo, ak kominote nou yo.”

Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, NY 12144

Ale nan sitwèb nou nan:
ocfs.ny.gov

Pou jwenn enfòmasyon sou kote ki gen sekirite pou kite yon tibebe dapre Lwa sou Pwoteksyon Tibebe yo Abandone, rele:
1-866-505-SAFE (1-866-505-7233)

Pou jwenn enfòmasyon sou gadri, swen nan fanmi plasman oswa adopsyon, rele:
1-800-345-KIDS (1-800-345-5437)

Pou rapòte krim ak neglijan ou sispèk yo fè sou yon timoun, rele:
1-800-342-3720
1-800-638-5163 (TTY/TDD)

Pou jwenn enfòmasyon sou sèvis pou moun ki avèg, rele:
1-866-871-3000
1-866-871-6000 (TTY/TDD)

Dapre Lwa anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York yo ap mete dokiman sa a disponib nan fòm ki apwopriye sou demann.


Piblikasyon 4745 (Revize. 06/2015)



Ou ansent? Ou pè? Ou bezwen èd?



Office of Children
and Family Services



Èske ou ansent?
Ou pè? Ou
poukont ou?

Pèsòn pa oblije
abandone yon
tibebe ki fèk fèt
pou kite l mouri.

Gen lespwa
pou ou ak
pou tibebe
ou!

Gen yon fason ki pi bon.

Si ou panse ou ka vle
abandone tibebe ou,
chèche konnen lalwa.

Si tibebe ou gen laj **30 jou oswa
mwens**, ou ka abandone tibebe ou
**legalman epi san ou pa bay non
ou**, depi ou fè etap sa yo pou
pwoteje sekirite tibebe a:

- **Kite tibebe ou avèk moun ki responsab** (*tankou yon ofisye lapolis, yon ponpye, oswa yon anplwaye lopital*)

OSWA

- **Kite tibebe ou yon kote ki gen sekirite** (*tankou yon lopital, yon pòs lapolis, oswa yon kazèn ponpye*), **epitou imedyatman fè moun ki responsab la konnen kote tibebe a ye.**

***Nan nenpòt fason ou fè sa,
ou pa gen pou bay non ou.***

Liy Telefòn pou Rapòte
Tibebe yo Abandone:
1-866-505-SAFE (7233)

W ap chèche yon moun pou pale avèk li?

Rele nimewo sa yo pou jwenn konsèy imedyatman oswa pou yo voye ou al pran konsèy nan kominote ou:

- Liy Dirèk Naasyon pou Prevansyon Swisid: **1-800-273-TALK (1-800-273-8255)**
- Estanda Nasyon Runaway: **1-800-RUNAWAY (1-800-786-2929)**
- **2-1-1** (*Rekòmandasyon, disponib nan anpil zòn nan eta a*)
- **3-1-1** (*Rekòmandasyon, Vil New York sèlman*)
- **LIFENET** (*pou rekòmandasyon pou sante mental nan Vil New York*)
1-800-LIFENET (1-800-543-3638) (*Angle*)
1-877-AYUDESE (1-877-298-3373) (*Panyòl*)
1-877-990-8585 (*Koreyen, Mandaren, Kantonè*)
1-212-982-5284 (*TTY/TDD pou moun ki mal pou tande*)
- Planifikasyon Edikasyon Timoun:
1-800-230-PLAN (1-800-230-7526)
www.plannedparenthood.org
- Liy Èd pou Paran pou Evite Abi sou Timoun nan New York: **1-800-CHILDREN** (1-800-244-5373)

Èske ou anvizaje adopsyon?

Si ou panse ou pa kapab kenbe tibebe ki fèk fèt ou, tanpri anvizaje bay li pou adopsyon.

Anpil fanmi nan Eta New York tout ras, relijyon, laj ak mòdvi vle bay yon timoun nan yon kay kote gen lanmou.

Ou kapab mande pou yo **kenbe** enfòmasyon sou adopsyon **an sekre**, epi pou yo pa fè fanmi ou ak zanmi ou yo konnen sa. Sèvis Pwoteksyon Timoun pa kapab mennen ankèt sou ou poutèt ou bay tibebe ou pou adopsyon.

Ou kapab bay tibebe ou pou adopsyon nan yon ajans adopsyon prive (*yon ajans volontè ki gen otorizasyon*) oswa nan depatman sèvis sosyal zòn ou (*nan Vil New York, Administrasyon Sèvis Timoun*). Ajans sa yo endike nan anyè telefòn ou oswa nan anyè ki nan Entènèt ak nan sitwèb Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi nan

ocfs.ny.gov/adopt/agcymenu.asp